



Pou Piblikasyon Imedya: 13/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY DEC ENSTWIKSYON POU LANSE NOUVO EFÒ POU AMELYORE RESIKLAJ NAN NEW YORK

DEC pral Òganize Reyinyon pou Pati Ki Konsène yo pou Idantifye Nouvèl Mezi yo an Repons a Chanjman nan Mache Resiklaj Global yo

Li Ankouraje Moun New York yo pou yo 'Byen Fè Resiklaj yo' epi Asiste Minisipalite yo nan Akonpli Objektif Resiklaj yo genyen yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York lan enstwiksyon jodi a pou idantifye nouvèl mezi yo pou amelyore resiklaj nan New York an repons a chanjman yo nan mache resiklaj global yo. Resiklaj konsève resous natirèl yo, li redwi nesosite pou gen materyèl natirèl yo, epi ede retire yon kantite konsiderab materyèl nan pil dechè yo ak nan tèren dechaj yo. Pou ka abòde chanjman nan mache resiklaj yo dirèkteman, DEC ap konvoke reyinyon pati ki konsène yo pou idantifye nouvèl mezi ak inisyativ yo ke yo ka pran pou amelyore kondisyon yo. Eta a kontinye fè patenarya ak minisipalite yo pou ede reponn a objektif resiklaj espesifik yo nan kad plan jesyon dechè yo.

“Pwogram resiklaj nou yo ap mete plizyè milye moun New York nan travay nan ekonomi ekolojik Eta a, pandan ke yo ap redwi emisyon gaz a efè sèr yo ki lakòz chanjman klimatik yo, epi pwoteje anviwònman nou an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan 30 ane, New York te pwouve pouvwa konsèvasyon an, epi mezi sa yo pral lanse menm plis efò pou sipòte epi elaji pwogram resiklaj minisipal yo atravè gwo eta sa a.”

Mache resiklaj yo aktyèlman ap eksperimante volatilite san presedan akòz an pati andisiman restriksyon sou enpòtasyon yo an Azi. Kòm yon konsekans, kèk nan operasyon resiklaj Etazini yo gen difikilte pou jwenn mache ki apwopriye pou materyèl yo, sa ki fè enpak sou efò resiklaj dechè solid lokal yo. DEC ap travay ak pati kle ki konsène yo ak minisipalite yo pou ka kreye estrateji sou jan ke New York ka bay nouvo mache yo bourad epi ede minisipalite yo abòde defi sa yo epi konstwi kapasite nan eta a ak rejyon nòdès.

“Resiklaj enpòtan pou prezève resous natirèl yo epi minimize materyèl nan tèren dechaj yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nouvèl efò sa ke Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la ap fè a pral ede idantifye apwòch yo pou ka amelyore

resiklaj atravè eta a. Nou ap fè patenarya ak minisipalite yo pou asire ke kominote yo ak abitan yo konprann epi aplike lwa sou resiklaj yo, epi kenbe anviwònman nou an pwòp epi sekirize pou jenerasyon fiti yo.”

“DEC ap travay ansanm ak pati ki konsène nan endistri resiklaj yo, minisipalite yo, enstitisyon akademik yo, ansanm ak lòt antite yo pou devlope mezi akoutèm ak alontèm yo pou ka soutni mache resiklaj yo nan New York, amelyore kalite materyèl ki resiklab yo, epi ogmante fleksibilite pou etablisman resiklaj yo. Pou ka sipòte resiklaj isit la lakay nou, New York ka fè pati pa yo pou redwi kontaminasyon nan chèn apwovizyònman resiklaj nou an nan swiv konsèy nou bay yo pou ka byen fè resiklaj yo”, **Komisè DEC a Basil Seggos te di.** “DEC ap ankouraje tout kominote yo pou yo kontinye fè resiklaj epi pou yo kontakte nou si yo ap eksperimante difikilte pou yo ka adapte a chanjman yo nan mache resiklaj global yo.”

Resiklaj se yon metòd presye epi dirab pou fè jesyon dechè yo ki sipòte atravè yon angajman leta konsistan alontèm pou pratik lan ak konpreyansyon ke yo bezwen mezire reyisit ak establite ki depase nenpòt varyasyon kondisyon mache tanporè yo. Atravè *Beyond Waste*, ki se Plan Jesyon Dechè Solid Eta a (State Solid Waste Management Plan), New York te etabli yon objektif pou redwi eliminasyon dechè yo olye de etabli kondisyon resiklaj kantitatif espesifik yo. An retou, inite planifikasyon dechè solid lokal yo te etabli pwòp objektif yo an konsiltasyon ak DEC pou rediksyon dechè yo ak resiklaj nan kad plan jesyon dechè solid lokal yo.

Travay Ansanm ak Pati Ki Konsène ak Ajans Patnè yo pou Devlope Solisyon Inovatif yo

DEC pral òganize yon seri reyinyon pou pati ki konsène yo ak reprezantan ki soti nan endistri, gouvènman lokal, ajans eta ak federal yo, ak popilasyon an atravè Eta a pou devlope solisyon ki inovatif epi dirab yo pou resiklaj nan New York, epi idantifye mache ki ouvri yo pou itilize atik resiklab yo. Reyinyon inogiral lan pwograme pou Mèkredi 29 Dawout nan katye jenereal DEC ki nan Albany, epi DEC ap pwograme lòt reyinyon adisyonèl yo. DEC pral kontinye travay ansanm ak patnè yo pou ede sipòte nouvo biznis epi ki egziste yo nan New York ki ka kapitalize sou gwo apwovizyònman materyèl resiklab ki pa chè yo ki ka sèvi kòm apwovizyònman materyèl natirèl pou manifakti fiti yo ke yo te istorikman deplase voye nan lòt konte yo.

New York kontinye ede mentni dirabilite nan endistri resiklaj lan lè li ap ankouraje epi ede minisipalite yo ak konpayi yo mentni efò resiklaj yo. Eta a ap bay sibvansyon pou resiklaj yo atravè Fon Pwoteksyon Anviwònmantal la (Environmental Protection Fund) pou sipòte pwogram yo ki ankouraje derivasyon dechè, ki gen ladan divès pwogram pou rekiperasyon manje ke yo ka itilize yo, koleksyon dechè alimantè, ak resiklaj òganik yo. Pwogram jesyon tankou dokiman lwa sou boutèy lan, lwa sou reyitilizasyon ak resiklaj dechè elektwonik lan, lwa sou resiklaj batri ki rechajab yo, ak pwogram repriz tèmostat mèki a yo pami pwogram ki ankouraje epi ki fè resiklaj vin pi efikas epi pa koute chè.

Direktè Egzekitif NYCOM Ian Peter A. Baynes te deklare, “NYCOM apresye efò pwoyaktif Gouvènè Cuomo ap fè yo pou ede gouvènman lokal yo idantifye estrateji ak solisyon yo pou abòde pwoblèm anviwònmantal ki ekstrèmman enpòtan sa a. Nou dwe

asire ke isit la nan New York nou ap fè tout sa nou kapab pou reponn a chanjman yo nan mache resiklaj yo epi nou espere travay ansanm ak Komisè Seggos ansanm ak pèsonèl li yo pou devlope epi mete sou pye aksyon ki ap elaji kapasite epi ede gouvènman lokal yo akonpli objektif resiklaj yo”.

Stephen J. Acquario, ki se Direktè Egzekitif Asosiyasyon Konte yo nan Eta New York (New York State Association of Counties), te deklare, “Gouvènman lokal yo ap jwe yon wòl ki enpòtan anpil nan jesyon dechè dirab atravè eta a. Nou felisite entèvansyon Eta a pou sipòte pwogram resiklaj minisipal yo fas a volatilite mache resiklaj global ki te lakòz ogmantasyon nan depans ke yo pa ka jere pou minisipalite yo. Aksyon eta a pral ede gouvènman lokal yo kenbe efò resiklaj yo ki esansyèl pou konsève resous natirèl yo epi retire dechè ki pa nesèsè yo nan espas dechaj yo”.

Dereth Glance, ki se Direktris Egzekitif Ajans Rekirerasyon Resous Konte Onondaga (Onondaga County Resource Recovery Agency), te deklare, “Mache global yo prezante defi san presedan nan resiklaj, epi mwen felisite Gouvènè Cuomo ansanm ak DEC poutèt lansman inisyativ enpòtan sa. Yo ka transfere resesyon resiklaj aktyèl lan nan yon renesans resiklaj atravè patenarya kreyatif ak kowoperatif yo ak biznis, sitwayen ak otorite ki eli yo, epi nou espere travay ansanm ak eta a sou nouvel inisyativ sa a”.

Gerry Geist, ki se Direktè Egzekitif Asosiyasyon Komin yo (Association of Towns), te deklare, “Depans ki ogmante pou eliminasyon resiklaj yo se yon pwoblèm ki ap ogmante pou gouvènman komin nan. Nou ap akeyi patisipasyon nan konvèsasyon an pou kreye yon solisyon dirab ki benefisye alafwa a anviwònman ak kontribiyab nou yo”.

Kelli Timbrook, ki se Prezidan Asosiyasyon Eta New York pou Rediksyon, Reyitilizasyon ak Resiklaj (New York State Association for Reduction, Reuse and Recycling, NYSAR3), te deklare, “Pandan ane ki sot pase a, Asosiyasyon Eta New York pou Rediksyon, Reyitilizasyon ak Resiklaj lan te fè de edikasyon popilasyon an sou seri resiklaj gratis kontaminasyon yo yon priyorite atravè patenarya yo ak DEC, minisipalite yo ak antite resiklaj yo atravè Eta a. Nou kontan pou nou wè Gouvènè Cuomo ansanm ak DEC ap sipòte pozisyon sa epi jwe yon wòl lidèchip nan travay aktivman pou amelyore epi ranfòse mache resiklaj yo nan Eta New York. An plis de byen fè resiklaj, NYSAR3 ankouraje vivman abitan New York yo pratike rediksyon sous -- premye nan twa R yo -- pou diminye konsomasyon atik tankou plastik pou yon sèl itilizasyon yo ki ap kontribiye yon fason konsiderab nan kontaminasyon resiklaj yo, epi antrave komèsyabilite lòt atik resiklab ki gen anpil valè yo. NYSAR3 ap ankouraje tou pati ki konsène nan New York yo pou yo achte pwodwi ke yo te fè apati materyèl yo resikle yo, ki efektivman ‘fèmen echapatwa resiklaj lan’, kreye sipò ekonomik ak demann pou atik ki resiklab yo, epi li pral kontribiye nan yon New York ki pi dirab epi ki ap pwospere”.

Konsèy pou Byen Fè Resiklaj

Lwa Minisipal Jeneral Eta New York lan egzije kominote yo devlope epi mete sou pye lwa separasyon sous yo pou matyè ki resiklab yo ki gen mache ki vyab yo. Pou ka diminye kantite matyè ki pa resiklab yo (oswa “kontaminasyon”) nan matyè ki resiklab yo ke yo te transfòme atravè etablisman ki gen yon sèl sous yo epi an konsekans

ogmante komèsyabilite pou atik resiklab ki soti ladan yo, DEC ap ankouraje tout moun New York yo pou *byen fè resiklaj yo*. Chak kominote gen règ resiklaj ki espesefik epi, tout moun New York yo ta dwe verifye bò kote minisipalite yo sou ki modèl atik papye, metal, plastik ak atik an vè yo ke yo ka resikle nan kominote espesifik yo. Atik resiklab yo gen pi bon valè komèsyalizasyon yo lè yo pwòp epi chèch anvan ke yo mete yo nan poubèl koleksyon an.

Yo **pa ta dwe** plase atik sa yo nan poubèl resiklaj yo:

- Materyèl ki pa espesifikman enkli nan pwogram resiklaj lokal ou an.
- Sachè plastik yo. Kenbe atik ki resiklab yo detache nan poubèl yo epi pote tounen sachè plastik vid ki pwòp yo nan lokal resiklaj lavant an detay yo (<https://www.dec.ny.gov/chemical/50034.html>).
- Goblè ak asyèt pou yon sèl itilizasyon yo, pake kondiman yo, kapsil kafe yo, ajitatè yo, chalimo yo, papye napkin yo.
- Batri ki rechajab yo (pote tounen atik sa yo nan lokal resiklaj lavant an detay yo): (<https://www.dec.ny.gov/chemical/72065.html>).
- Graniti pou jaden yo ak rèss manje yo (konsève yo nan kay yo oswa atravè pwogram minisipal lokal lan).
- Vesèl yo, miwa yo, globlè yo ak atik seramik yo (fè kado yo si yo an bòn kondisyon).
- Atik tekstil yo (fè kado yo si yo an bòn kondisyon).
- Dechè elektwonik yo (<https://www.dec.ny.gov/chemical/65583.html>).
- Nenpòt modèl kòd, tiyo awozaj oswa fisèl.

DEC ap egzòte abitan yo pou yo “lè yo gen dout, kite li deyò” paske kontaminasyon nan chèn apwovizyonman resiklaj lan ap redwi kalite materyèl ki resiklab yo. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon, kontakte kowòdonatè resiklaj lokal ou an ke ou ka jwenn nan:

<https://www.dec.ny.gov/chemical/8511.html> oswa vizite:

<https://www.dec.ny.gov/chemical/8801.html> pou enfòmasyon resiklaj jeneral yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)